Ассаламу гIалайкум!

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№18 (60538) * 2020 с. * 22 май * 29 рамазан * 1441 с. * рузман *

*райадминистрациялда*

## БАРКАЛАЯЛЪУЛ РАГIАБИ



**ХIурматиял районцоял!**

Нилъер тарихалъул хIисаб гьабидал имам Шамилил заманалдасанго байбихьун, хIуригаталъул багъа – бачариялда, кIудияб ВатIаниял рагъул кьогIаб заманалда халкъалда гIемераб ракъи – къечги, захIмалъабиги, нилъее хириял камиязул кьогIлъиги гIемер бихьана.

Кинаб захIмалъаби, къо – къварилъи дандчIваниги гьел цIикIкIанагIан цIикIкIунаан нилъер умумузулъ цолъи, жамагIаталъул гъунки, къоккарасе хIалае рахъин, цоязде бачIараб балагь киназго гIахьал гьабулаан.

Гьеб умумузул букIараб яхI – намусги, гIаданлъиги, къо ккедал хIалае рахъинги гьаб квешаб унти тIибитIараб захIматаб заманаялъ нужелъ загьирлъана.

Жакъа нилъер тохтурзабаз, медсестрабаз, санитаркабаз киналго унтараздехун бухьен гьабун хIалтIулел ругез бахъулеб бугеб хIаракат гьеб буго унго – унгояб бахIарчилъи.

Нужерго гIумруялъе бугеб хIинкъиялъухъ балагьичIого нужеда тIадаб борч тIубазабулеб буго рухIалда барахщичIого.

Ккана нужеда гьоркьор камиялги гьел нилъеда кидаго кIочене бегьуларо.

Больницабазда бугеб ахIвал – хIалги бихьун гьезие хIалае рахъана гIолохъаби – волонтерал, щиб къваригIаниги сордо – къо абичIого гьел гьенир руго, къваригIараб чIезабуна, кислородалъул балонал къваригIаралъуре росун лъуна, тохтурзабазе хIалае эхетана.

ГIемераз кумек гьабуна гIарцудалъун, квен – тIехалдалъун, дарабаздалъун, тохтурзаби цIунизе ретIел – къаялдалъун, квер багъариялдалъун.

Гьал хирияль моцIаз нужеца гьабураб садакъаги, гIамал –гIибадатги Аллагьас азариде бахинабеги, унтаразе сахлъи кьеги, хваразул мунагьал чураги.

Дие бокьун буго ракI - ракIалъулаб баркала кьезе киналго сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазе, гIолохъаби – волонтерazе, гIарцудалъун букIаниги, хIалтIи – пишаялдалъун букIаниги, дарабаздалъун букIаниги хIажаталъубе кумек гьабурал киназего гIисиназеги чIахIиязеги районалда ругел ва район бахун кьватIирехун ругезеги, росабазул бутIрузе, имамзабазе. ЗахIматаб заман бачIиндал нужеца нужерго къадру, яхI – намус борхатго ккуна.

Байбихьиялда нилъ цодагьалго тохлъана. Гьадинаб къадар унтаразулги букIинин кколеб букIинчIо ва гьелъие къваригIунел дарабазулги цогидал сурсатазулги нахърателги букIинчIо, нухдасан бахъун балагьизе ккана кинабго, бажараб щинаб гьабуна ва гьабулебги буго.

Жакъа къоялде ахIвал – хIал цодагьабго гIодобцана.

ГIодобиччай бугилан нилъ тамахлъизе бегьуларо жеги унтаралги руго, жалго унтичIого унти кьезе бегьулелги руго, гьединлъидал нилъеца жеги цIодорлъи гьабизе ккола.

ЦIакъго къваригIел ккечIого кьватIиреги рахъине бегьуларо, рахъунезулги маскаги кверда холел жалги рукIине ккола.

ТIаде щолеб буго кIалбиччаялъул къо, нужер киналго ккурал кIалалги гьабураб гIибадатги Аллагьас ﷻ къабул гьабеги. ГIидалъул какги муфтияталъ абухъе рокъоб базе буго, цоцахъе тIаде хьвадиги бегьизего бегьуларо, лъималги рокъор чIезаризе ккола.

Цоги нухалъ нужее баркала, ин-ша Аллагь гьаб унтудаса нилъер районги тIолго Дагъистанги бацIалъила, нуже сахлъи ва талихI.

Аллагь гурхIаги нилъеда киназдаго.

**Районалъул бетIер**
**Р. МАЛАЧИЛОВ**




### Баркула КIалбиччанкъо!

ХIурматиял районцоял – диналъул вацалги яцалги!

РакI – ракIалъго баркула нужеда бусурбабазул динияб ва рухIияб гIумруялъул тIей гьечIеб бутIалъун кколеб, нилъер щивас жиб лъикIал ишаздалъун, гурхIел – рахIмуялдалъун, рухIияб камиллъиялдалъун ва къадру тIадегIанлъиялдалъун кIодо гьабизе хIаракат бахъараб Рамазан моцIалъул ахирлъун кколеб КIалбиччаялъул гIид!

Биччанте гьаб къадруяб моцIалъул гурхIел – рахIму нилъер щибаб къойилаб гIумру цадахъаблъун букIине. Щибаб рокъобе, щибаб хъизамалъе рохелги, рекъелги, хинлъиги босун бачIараблъун батаги гьаб баркатаб байрам. Гьаб соналда нилъеца гьеб кIодо гьабизе кколеб буго киданиги гьабичIеб къагIидаялда. Коронавирусалъул захIматаб унтиялъ кIиябго моцI унеб буго дунялалъул гIемерал улкабазда самоизаляция лъазабун, цоцахъе хьвадизе гьукъун бугелдаса. Нилъер республикаялъул Муфтияталда нахърилъун лъикIаблъун рикIкIуна цоцахъе тIаде – гъоркье, мажгиталде, хобалалъе инчIого, лъимал хьвадизе риччачIого гьаб соналда байрам жиде – жидер рокъоб тIобитIизе. Нилъее лъикIлъиялъе малъулеб жоялдаса битIун пайда босизе къуватги гIакълуги кьеги. Нужер ккурал кIалалги гьабураб гIибадатги Аллагьас къабул гьабун азариде бахинабун батаги.

**Р. МАЛАЧИЛОВ**
**Районалъул бетIер**



*Эбелазе малъиял*

# М. ИДРИСОВАСЕ БАРКАЛА КЬУНА






**19 маялда тIобитIана иргадулаб медицинаялъул хIалтIухъабазул данделъи. Гьениб районалда бугеб эпидемиологическияб ахIвал – хIалалъул аслиял суалаздаса хадуб, районалъул бетIер Р. Малачиловас хIурматияб къагIидаялда кьуна баркалаялъул кагъат, захIматал кьоял тIаде ккараб мехалда кумекалъе щварав бетIерав тохтурасул ишал тIуралев М. Идрисовасе.**

ТIаде къо ккараб мехалда МухIамадица бихьизабуна жиндирго бугеб лъай, гIуцIарухъанлъиялъе бугеб махщел. Сордо – къо абичIого хIалтIун, къокъабго заманалда жаниб районалъул больницаялъул хIалтIи тIадегIанаб даражаялда гIуцIана МухIамадица, – ян тIадчIей гьабуна районалъул бетIер Р. Малачиловас.

ХIурматиял районцоял, нилъ киналго нугIзаллъун ккола байбихьудаго нилъ тохтурзабазухъ гIенеккичIолъиялъ, режим хвезабиялъ унтаразул къадар цIикIкIараб куц бихьарал чи. Унтаразул къадар дагьлъулеб букIаниги, рокъор чIезе ккеялъул режим жеги хIалтIулелеб буго, гьединлъидал киназдаго гьари буго рокъор чIа – ян.

**Суратазда:** Баркалаялъул кагъат кьолеб.



# ТIАДЕ КЬОЛЕЛ ГIАРЦАЛ

**Районалъул коронавирусалъ унтаралгун хIалтIулел медицинаялъул хIалтIухъабазе бихьизабураб къадаралда тIаде кьолел гIарцал щвезе руго. Гьединаб баян кьуна районалъул больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралев М. Идрисовас.**

Гьел ккола медицинаялъул хIалтIухъабазе гIумруялъе ва сахлъиялъе хIинкъи цIикIкIараб букIиналъ тIаде бихьизабураб гIарцул къадар. Гьеб щвезе буго лъабго моцIалъ батIи – батIиял тохтурзабазе, медсестрабазе ва техническиял хIалтIухъабазе, гьездаго гьоркьор хехаб медицинаялъул кумекалъул шоферзабазе. Апрель моцIалда жаниб гьединаб гIарцул къадар 3 млн. 725 азарго гъурущалде бахуна. Апрель моцIалда кьезе ккolеб гIарац кинабго рехун буго. Гьеб щвана 86 медицинаялъул хIалтIухъабазе, гьездаго гьоркьор хехаб медицинаялъул кумекалъулги.

Коронавирусалъ унтаралгун хIалтIичIел медицинаялъул хIалтIухъабиги кIочон тезе гьечIо. Гьезие тIадеги гIарац кьезе буго регионалияб бюджеталдасан.

# Дагъистаналъе кумек

**Дагъаб цебегIан къояз Россиялъул Федерациялъул Президент В. Путиница тIобитIун букIана, нилъер республикаялда бугеб ахIвал – хIалги хIисабалде босун, республикаялъул бетIер В. Васильевас, республикаялъул муфтий А. ГIабдулаевас, Халкъияб Собраниялъул председатель Х. ШихсагIидовасги гIахьаллъи гьабураб видеоконференция.**




Гьениб лъикIаблъун бихьизабуна республикаялда бугеб захIматаб хIалги хIисабалде босун социалиял объектазул дезинфекция гьабизе. Гьелъие гIоло Доналъулаб ва Ногинскалъул кумек гьабиялъул централдаса нилъер республикаялде бачIун буго автоколонна. Гьенир руго 140 чи кумек гьабулезул ва 26 техникаги.

Гьелдаго цадахъ республикаялде вачIана Россиялъул оборонаялъул министрасул замсетитель Т. Иванов.

Оборонаялъул министерствоялъул кумекалдалъун республикаялда базе хIисабалде босун буго модулялъулаб 200 унтарасе хIисаб гьабураб гIемерфункциялъулаб медицинаялъул центр.

Гьеб хьезе гьабун буго жакъасеб къоялде данде ккoлеб техникаялдалъун. Хадубккун хIалтIизе буго больница хIисабалда.









**Коронавирус, пневмония унтаби тIиритIизе байбихьаралдаса кIиго моцI ун гьечIониги, гьел унтабаздаса сахлъарал гIададамазул къадар нилъер улкаялда къо бахъанагIан цIикIкIунел руго. Гьединабго ахIвал – хIал буго нилъер районалдаги. Аллагьас унтаразе дару сабаблъун гьабеги.**




# УНТАРАЗУЛ РАХЪАЛДАСАН

Районалъул «Церехун» газеталъул редакциялде гIемерал унтун рукIарал гIадамазул гьариял рачIунел руго районалъул больницаялъул хIалтIухъабазе баркала загьир гьабизе бокьун бугилан.

Гьединаздасан цоял ккола лъималазул отделениязда цо палатаялъур цадахъ регун рукIарал Ш. Абакаров, ХI. Мусаев, М. ГIумаров, Б. Абакаров, гьединго инфекциялъул отделениялда регун рукIарал ГI. ХIусенов, К. ГIабдулаев, ХI. Увайсов ва М. ГIабдулмажидов. Кьолеб кванидасан, рацIа – ракъалъиялдасан, хIеренаб каламалдасан, хадуб бугеб бербалагьиялдасан ва ракI унтиялдасан тохтурзабаздаса, медсестрабаздаса, техническиял хIалтIухъабазе щвезегIан киназего ракI – ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго гьез ва гьезул хъизамаз, нижгIан Аллагьги разилъаги нужедаса. Нуж ва нужер хъизан – лъимал цIунаги гьадинал унтабаздаса.

*нужее пайдаялъе*

## Тляялде данде рагъ базин

**Гьава бакъалъул шартIал цIакъго данде ккун руго ахираб заманаялъ тля гъветI – тIегьалда багъа – бачариялъе. Тляялъ кванала кинабго – тIамах, гъотIол хъал борлъула, цIула гъотIол хIалтIиялъе къваригIунеб сок. Гьединлъидал гьеб цIакъ хехго гIемерлъула.**

Тля гъотIол тIамхил гъоркьияб рахъалда, гIемер цадахъ букIуна гьединго гIолохъанаб, хIеренаб чIоралда, тIогьол бутоналда тIаде бакIарула. Тляялъ гъотIол сокги цIун гьелъул хIал хвезабула, унтаби ккей цIикIкIуна.

Тляялдаса цIунизелъун ахал рацIцIад гьарун рукIине ккола, хасго хвараб гъотIол макъар нахъе босун, бухIун букIине ккола. Химический препаратал тляялде данде рихьизарурал ккола хадур рехсарал ва гьезул цоялъ гьабизе лъикIаб буго обработка: **Фуфанон - Нова; Новакатион В. э; Кинмикс к. э; Искра М к. э; Карбафокс – 500 к. э.; Золон к.э; Би – 58 новый;**

ЛъикIаб хIасил обработкаялъ кьезе кканани, инструкциялда рекъон гьабизе ккола опрыскивание.

Тляялде данде лъикIаб буго опрыскивание гьабизе ихдал цIакъго хекко – тIоцебесеб, кIиабилеб опрыскивание тIегьалелде цебе, лъабабилеб тIегьан хадуб, ункъабилеб пихь барщилелде моцIалъ цебе.

Обработка гьабулаго тIад букIине ккола респиратор, цIунизе ккола берал, кваназе, хъалиян бухIизе бегьуларо.

Гьединго бегьуларо бакъ бухIараб мехалъ гьабизе, щай гурелъул тIамах букIкIун гъенезе бегьула. Бищунго лъикIаб буго радал яги бакъанида, цIад ва гьури гьечIеб заманаялъ гьабизе.



## КъанцIа — черх бацIцIад гьабулеб нигIмат



**КъанцIа гьабула батIибатIиял пихъазул: цIолбол, кишмишалъул, чамастакалъул, инжиралъул, карул, гIечул, ридиялъул ва цогидазулги. Бищунго лъикIаблъун рикIкIуна цIолбол къанцIа.**

КъанцIаялъул буго лъабго батIияб тIабигIат:

I. БухIараб (цIадулаб) - гьелъ черхалъул картIал рагьула, бидурихьал гIатIид гьарула.

2. ЦIорораб (ракьулаб) – гьелъ лага къвакIизабула, щула гьабула.

3. ЦIорораб (лъадалаб) - гьелъ чорхол лугбал тамах гьарула, нерваби гIодоре риччазарула.

Цо къоялъ Бичасул аварас гьикъанила ГIайшатида кваназе щиб бугебилан. Гьелъ абунила къанцIа бугилан. Аварагас абунила дандежоялъе лъикIаб жо бугилан. Аварагас кваналеб букIун буго чедгун.

– КъанцIаялъ черхалъе хIалхьи бачIинабула, гьеб бацIцIад гьабула, кванирукъ щула гьабула.

– Гьеб лъикIаб буго къечIалъе, гьорой инабизе

– Гьелъ чехь-бакь лъикI хIалтIизабула, квен биинабула, би лъама гьабула.

– ЦIамгун къанцIа гьекъани, гьелъ загьру къватIиб бачIинабула, риччелелдаса (слизь) чехь-бакь бацIцIад гьабула.

– КъанцIаялъ кIал хулани дабаздаса бачIунеб би къотIула, гьел щула гьарула ва гIусал-цабзазул унти инабула.

– Гьелъ кванде гьира базабула.

– БухIараб бакIалда тIад бахани лъимгун жубараб къанцIа, гьелъ гьеб сахлъизабула.

– КъанцIадул хIухьладе (гьалдолеб лъимгун жубараб) тIаде къулун чIани ботIрол унти, гайморит, гIундузда жаниб бугеб сас ва гIинда бакIлъи инабула.

Гьарангун цадахъ жубан дабазда бахани,гьелъ рагьардулел цаби чIезарула.

– Дагьабго къанцIаги жубан хинаб лъим гьекъани,гьелъ кеч буссинабула.

– РецI ккураб, багIарлъараб бакIалда тIад къанцIаялъулъ ччураб квас-квас яги катан къани – гьеб сахлъула.

КъанцIа лъикIаб гьечIо санал рарал, черх загIипал чагIазе, гIисинал лъималазе, рукьби унтарал,шагьват загIипал чагIазе. Гьединго лъикIаб гьечIо нерваби унтарал, чорхолъ цIорой цIикIкIарал (флегматик), гьанжего-гьанже сахлъун тIаде рахъарал гIадамазе.

Амма гьелъул зарал инабула кьарияб гьанал гьагIугун, гьуинлъигун (чай, сок, компот) гьебгун гьекъани.Нерваби унтараз къанцIа хIалтIизабизе ккола гьоцIоги жубан.

**Ас-саламалдаса босараб.**

*Нужее пайдаялъе*

# ГЬАНАЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

Гьанал тIагIам цIунизе ккани, тIубазабизе ккола чанго шартI: гьан белъине лъикIаб буго кIудиял кескал гьарун. ЛъикIаб гьечIо гьан бахчулеб гурони лъим тIезе. Гьангун лъим гьализабула ва цIаги дагь гьабун, гьализабула белъинегIан.





* * *

Гьан корониб бежулеб бугони, гьениб цIорораб лъим тIураб гьитIинаб хьаг лъезе ккола. Лъугьараб хIухьелалъ гьан къвакIиялдаса цIунула.

* * *

Гьанаде яги ччугIиде багIаргьинаб кьер рехизе бокьани, режилалде цере гьел полотенцеялъ ракъвазаре.

* * *

Хераб хIайваналъул гьан хехо белъуна ва тамахлъула лъадалъе цо чанго гъуд къанцIадул тIуни.

* * *

Бежулаго багIаргьинаб кьер лъугьине бокьани, гIанкIудал гьанада цебеккунго тIорахь бахине ккола.

* * *

КъвакIараб гьан тамахлъула хасаб «квартIаялъ» бухани, лимоналъул сокги бахун багIаризабураб къанида бежани, чанго сагIаталъ цебе горчицаги бахун, бежулаго гьебги чурун, дагъабго цIам банани.



*Лъалищ нужеда?*

## Бузина (гIисинпихъ) сундуе даруяб букIинеб?



Гьураз ккун яги невралгия бугони, кванала цIияб, мех бачIеб пихъ, ва гьекъола гьелъул сок, гIаркьалабазул ва кьалбазул тIокIкIел, гьарула ванаби. ЩукIдузул унти бугони, хIадур гьабила тIокIкIел: босила 20 гр. тIугьдузул, тIаде тIела 200 мл гьалараб лъел, тIокIкIине тела цо сагIаталъ, цIвила. Гьекъела стаканалъул 1|4 бутIа къойида жаниб 3 - 4 нухалъ кваналелде 30 минуталъ цебе цо чайдул гъуд гьацIулгун цадахъ. Ахирисеб тIокIкIалил бутIа гьекъела кьижилалде цебе сардилъ. ХIухьлатIе ккурал тIамхазул унтараб бакIалъе компрессги гьабила.

Дизентерия бугони (бидул риххел), бетIун мех бачIеб пихъ кванала яги бакъвазабураб пихъил чай, сироп гьекъела.

Геморрой бугони, унтараб бакIалда тIад лъела чIегIераб гIисинпихъил цIиял тIамхал. ТIамхазул сокалда гъорлъ квасквасги ччун, лъела унтарал бакIазда тIад.

Ургьимесалде лъим ккун бугони (асцит), гьекъела гIисинпихъил кьалбазул тIокIкIел. 30 гр. гIисин гьабун буссина бакъвазабураб кьибил, гьелда тIаде тIела I литр лъел, гIодобе биччараб цIадутIа гьализабила бащдаб литра хутIизегIан, цIвила. Къойида жаниб лъабго нухалъ, кваназе 30 минут букIаго гьекъела стаканалъул лъабил бутIа. Курс - I,5 моцI. Гьоркьоб тела 3 анкьалъ ва цIидасан добго I,5 моцIрол курс гьабила.

ТIасиял хIохьел цIалел нухал унтун ругони, босила цо кванил гъуд чIегIераб гIисинпихъил тIугьдузул, тIаде тIела цо стакан гьалдолеб лъел, тIокIкIине тела 30 минуталъ ва кваназе 30 минут букIаго нус-нус мл боголие лъабго нухалъ гьекъела.

ЧIегIераб гIисинпихъил тIамхазул гьабураб тIокIкIелалъ хъегIизарун чороклъи къватIибе бачIинабула.

КIал, щекъер-мукъулукъ унтун бугони, гьеб хулизеги хIалтIизабула.

Хъарсараб ва къотIараб бакI бугони, тIад бахуна, ваннаби гьарула. ТIокIкIел гьадин хIадур гьабула: росила ракъварал хъурарал тIугьдул, тIаде тIела I стакан гьалараб лъел, тIалъелалъ бацила, I5 минуталъ гьалдолеб лъелъ лъела, тIокIкIине тела 45 минуталъ, цIцIула, тIаде лъим тIела букIараб роцаде бахинегIан. ТIокIкIел цIунила гьогьомараб бакIалда 2 сордо-къоялъ. Гьекъела кваназе бащдаб сагIат букIаго щибаб боголие (къойида жаниб лъабго нухалъ) стаканалъул лъабил бутIа. Гьебго хIалтIизабизе бегьула ругънатIа бахине ва кIал хулизеги. Миозит, невралгия, рищалаби унтун ругони, гьеб харил тIугьдузул цIураб гьитIинабго хамил таргьа, тIаде гьалараб лъимги тIун, лъела унтараб бакIалда тIад. Бегьула бащад гьабун чIотIохер (ромашка) жубазеги.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

# РУЗНАМА

Рекомендуемая советом алимов Муфтията РД Для Гергебильского района республики Дагестан

**ИЮНЬ**

| Дата | Утренний | Восход солнца | Обеденный | Аср | Вечерний | Ночной |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 02:12 | 04:15 | 11:55 | 15:53 | 19:27 | 21:04 |
| 2 | 02:11 | 04:14 | 11:55 | 15:54 | 19:27 | 21:05 |
| 3 | 02:11 | 04:14 | 11:55 | 15:54 | 19:28 | 21:06 |
| 4 | 02:10 | 04:13 | 11:55 | 15:54 | 19:29 | 21:07 |
| 5 | 02:09 | 04:13 | 11:56 | 15:55 | 19:30 | 21:08 |
| 6 | 02:08 | 04:13 | 11:56 | 15:55 | 19:30 | 21:09 |
| 7 | 02:07 | 04:12 | 11:56 | 15:55 | 19:31 | 21:10 |
| 8 | 02:07 | 04:12 | 11:56 | 15:56 | 19:32 | 21:11 |
| 9 | 02:06 | 04:12 | 11:56 | 15:56 | 19:32 | 21:12 |
| 10 | 02:06 | 04:12 | 11:57 | 15:56 | 19:33 | 21:13 |
| 11 | 02:05 | 04:12 | 11:57 | 15:56 | 19:33 | 21:14 |
| 12 | 02:05 | 04:11 | 11:57 | 15:57 | 19:34 | 21:14 |
| 13 | 02:05 | 04:11 | 11:57 | 15:57 | 19:34 | 21:15 |
| 14 | 02:04 | 04:11 | 11:57 | 15:57 | 19:35 | 21:16 |
| 15 | 02:04 | 04:11 | 11:58 | 15:58 | 19::35 | 21:16 |
| 16 | 02:04 | 04:11 | 11:58 | 15:58 | 19:35 | 21:17 |
| 17 | 02:04 | 04:11 | 11:58 | 15:58 | 19:36 | 21:17 |
| 18 | 02:04 | 04:11 | 11:58 | 15:58 | 19:36 | 21:18 |
| 19 | 02:04 | 04:12 | 11:59 | 15:59 | 19:36 | 21:18 |
| 20 | 02:04 | 04:12 | 11:59 | 15:59 | 19:37 | 21:18 |
| 21 | 02:04 | 04:12 | 11:59 | 15:59 | 19:37 | 21:19 |
| 22 | 02:04 | 04:12 | 11:59 | 15:59 | 19:37 | 21:19 |
| 23 | 02:05 | 04:12 | 11:59 | 15:59 | 19:37 | 21:19 |
| 24 | 02:05 | 04:13 | 12:00 | 16:00 | 19:37 | 21:19 |
| 25 | 02:06 | 04:13 | 12:00 | 16:00 | 19:38 | 21:19 |
| 26 | 02:06 | 04:13 | 12:00 | 16:00 | 19:38 | 21:19 |
| 27 | 02:07 | 04:14 | 12:00 | 16:00 | 19:38 | 21:19 |
| 28 | 02:07 | 04:14 | 12:00 | 16:00 | 19:38 | 21:19 |
| 29 | 02:08 | 04:15 | 12:01 | 16:00 | 19:38 | 21:18 |
| 30 | 02:09 | 04:15 | 12:01 | 16:01 | 19:37 | 21:18 |

**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**

Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 21 мая 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00